# BAB I
# BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang

Dina kurikulum kurtilas Revisi 2017 (Kurikulum tilu belas) pangajaran Basa Sunda di SMA/SMK salasahijina aya materi kawih. Kawih Sunda téh mangrupa warisan budaya anu kudu dijaga sangkan teu leungit.Upaya pamaréntah pikeun ngajaga ieu budayana nya éta ku cara mayungan dina dunya atikan. Kitu deui ceuk Hendrayana (2017, kc. 23) pikeun nyumponan pola pangajaran ku kituna dibutuhkeun pisan perangkat pangajaran nu jadi penunjang dina kagiatan pangajaran.

Dumasar KIKD Mata Pembelajaran Bahasa jeung Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK kelas X, aya sababaraha poin dina matéri pangajaran kawih anu kudu ditepikeun ka siswa, diantarana. Saperti anu kaunggel dina Kompetensi Dasar (KD) 4.4 "*Melantunkan kawih Sunda klasik dan Pop dengan memperhatikan ekspresi, dan teknik vokal".*

Bangbaluh nu kiwari aya di lapangan téh nya éta, upamana siswa dibéré kasempetan pikeun ngalarapkeun matéri kawih lolobana siswa ngarasa éra, sarta can wani pikeun ngahaleuangkeun lagu Sunda. Danny (2010, kc. 24) nétélakeun, musik gamelan sakuduna miboga pangaruh gedé tinimbang musik-musik barat. Kabuktian dilapangan, siswa leuwih apal lagu-lagu luar dari pada kawih Sunda, nalika di tés geus hésé miboga céngkok urang sundana, kitu deui éra dina ngaéksprésikeun nalika di tés ngawih.

Nurutkeun Dedi (2016, kc. 165) nétélakeun yén, guru nu ngadidik kudu ngawasa sababaraha metode ngajara. Ku kituna guru diperedih pikeun nyieun kagiatan pangajaran anu leuwih ngirut kalawan maké modél anu saluyu jeung pangajaran. Luyu jeung pamadegan Agus (2017, kc. 54) yén modél pagajaran bisa didéfinisikeun jadi kerangka konséptual anu ngagambarkeun prosédur sistematis dina ngaorganisasikeun pangalaman diajar pikeun nepi kana tujuan diajar. salasahijina nyaéta modél pangajaran *Explicit Intruction*. Ieu hal anu jadi kasang

tukang dina panalungtikan, lian ti éta kiwari can aya nu maké modél *Explicit Intraction* dina pangajaran kawih. Pangajaran kawih bisa disebut suksés gumantung kana kalancaran nalika prosés pangajaran. Salasahiji anu kudu aya jeung dijadikeun cecekelan ku guru dina ngajar nya éta modél pangajaran. Modél *Explicit Intraction* mangrupa salahsahiji modél nu bisa dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda. Ngaliwatan modél *Explicit Intruction* guru bisa ngadémonstrasikeun pangaweruh jeung kaparigelan ka siswa. Nurutkeun Shoimin (2014, kc. 77) nu nyebutkeun yén, modél *Explicit Intruction* husus dirarancang pikeun ngembangkeun diajar siswa. ngeunaan pangaweruh prosedural jeung pangaweruh déklaratif anu bisa diajarkeun ku pola saléngkah-saléngkah.

Alesan panalungtik maké modél *Explicit intruction* sabab model pangajaran *Explicit intruction* mangrupa modél pangajaran sacara langsung supaya siswa bisa maham sarta bener-bener maham pangaweruh sacara maluruh jeung aktif dina hiji pangajaran, satuluyna modél *Explicit Intruction* miboga kaonjoyan diantarana nya éta, siswa bener-bener bisa ngawasa pangaweruhna, sakabéh siswa kalibet kana pangajaran, bisa diterapkeun sacara éféktif dina kelas anu gedé atawa leutik, ogé mangrupa cara anu éféktif pikeun ngajarkeun kaparigelan-kaparigelan anu eksplisit ka siswa anu prestasina rendah. Modél pangajaran anu mampu ngendalikeun eusi matéri jeung urutan informasi, nekenkeun point-point penting atawa bangbaluh anu karandapan ku siswa, cara anu épéktif pikeun ngajarkeun konsép sarta ngajarkeun pangaweruh paktual jeung kaparigelan. Jadi modél *Explicit Intruction* saluyu pikeun diterapkeun dina pangajaran kawih anu nekenkeun siswa bisa nembongkeun kaparigelan-kaparigelan ngawih anu eksplisit.

Éta cara bisa méré conto tur motivasi ka siswa sangkan bisa ngalarapkeun pangajaran ku cara prakték langsung. Siswa bisa aktif ilubiung dina prosés pangajaran, tur bisa maham jeung ngawasa éta pangajaran. Modél pangajaran *Explicit Intraction* nu nekenkeun kamampuh jeung kaparigelan guru saluyu jeung pamadegan Pramudita (2013, kc. 68) nu nétélakeun yén sakabéh paripolah, omongan, sikep guru bakal ditempo jeung jadi puseur perhatian hususna pikeun siswa.

Anapon sababaraha panalungtikan anu kungsi nalungtik maké modél *Explicit Intruction* aya ti, Indra (2014) "Model *Explicit Intruction* dina Pangajaran maca carpon". Yén modél *Explicit Intruction* épektif pikeun salasahiji model alternatif dina pangajaran maca carpon. "Modél *Explicit Intruction* Pikeun Ngronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Drama (Penelitian tindakan Kelas ka Siswa XII MIPA-2 SMA Negeri 1 Singaparna Taun Ajaran 2016/2017) ku Selvia Awit. Hasil anu kapaluruh yén ngagunakeun modél *Explicit Intruction* leuwih éféktif dina pangajaran nulis téks drama kalayan 100% siswa anu tuntas. Lian ti éta dumasar kana hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ku Hervyagi (2013) "Modél Pangajaran *Explicit Intruction* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Sajak : (Panalungtikan tindakan kelas ka siswa kelas VII-F SMP Negri 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)". Nyebutkeun yén modél *Explicit Intruction* téh éfektif digunakeun dina pangajaran maca sajak lantaran sabada maké ieu modél aya parobahan anu signifikan kana paripolah siswa jadi leuwih aktif dina lumangsungna kagiatan diajar.

Bédana dina panalungtikan ieu nya éta tina variabel objékna, sarta matéri anu ditalungtikna. Dimana panalungtikan ayeuna bakal dilaksanakeun ka siswa kelas XI KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung, kukituna ieu panalungtikan perlu dilaksanakeun sangkan mikanyaho éféktif henteuna modél pangajaran *Explicit Intruction* dina pangajaran kawih pikeun siswa SMK.

Ku kituna ieu panalungtikan téh dijudulan "MODÉL *EXPLICIT INTRUCTION* DINA PANGAJARAN KAWIH" (Studi Kuasi Éxpérimén ka Siswa Kelas XI-KPU 2 SMK Negri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019) perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

### 1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Aya sawatara masalah dina ieu panalungtikan anu katampung dina idéntifikasi masalah nya éta:

a. kurangna kaparigelan siswa ngeunaan, ekspresi, jeung teknik vokal dina kawih Sunda klasik jeung pop, jeung

b. modél pangajaran *Explicit Intruction* bisa dimangpaatkeun pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina pangajaran kawih

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu dihandap.

a. Kumaha kamampuh ngawih siswa kelas XI-KPU 2 SMK Negri 12 Bandung samémèh ngagunakeun modél *Explicit Intruction*?
b. Kumaha kamampuh ngawih siswa kelas XI-KPU 2 SMK Negri 12 Bandung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*?
c. Naha aya bédan anu signifikan antara kamampuh ngawih samémèh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Saperti anu geus dijéntrékeun dina kasang tukang masalah jeung rumusan masalah, sacara jéntré ieu panalungtikan mibanda dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Saluyu jeung rumusan masalah di luhur tujuan umum ieu panalungtikan nya éta modél pangajaran *Explicit Intruction* dina pangajaran kawih siswa kelas XI-KPU-2 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018-2019.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun:

a. kamampuh siswa kelas XI-KPU 2 SMK Negri 12 Bandung dina ngawih samémèh ngagunakeun modél *Explicit Intruction*;
b. kamampuh siswa kelas XI-KPU 2 SMK Negri 12 Bandung dina ngawih sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction;* jeung
c. bédana anu signifikan antara kamampuh ngawih samémèh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*.

## 1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu hadé dina pangajaran kawih. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur di sakola, anu tujuanna pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina ngawih. Sarta ngajembaran pangaweruh pikeun ngagunakeun modél pangajaran anu ngirut minat sarta luyu jeung bahan ajar.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun guru, pikeun siswa, sarta pikeun panalungtikna sorangan.

a. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina ngawih,
b. Pikeun guru, dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa kana mata pelajaran basa Sunda hususna dina pangajaran kawih,
c. Pikeun panalungtik, bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina kagiatan ngawih samémeh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit Intruction*.

## 1.5 Raraga Tulisan

Eusi dina ieu skripsi ngawengku lima bab, dijerona ngébréhkeun ngeunaan pedaran anu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu diébréhkeun.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Dina ieu bab dipedar ngeunaan modél pangajaran, modél *Explicit Intruction*, pangajaran nulis téks drama, sarta dipedar ogé ngeunaan raraga mikir jeung hipotésis.

Bab III Métode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, métode panalungtikan, *setting* panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan déskripsi jeung hasil analisis kamampuh ngawih ngagunakeun modél *Explicit Intruction* ka siswa kelas XI SMK Negri 12 Bandung Taun ajar 2018/2019.

Bab V Kacindekan, Saran, jeung Rékomendasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, saran, jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.